




# KÒMAN POU NOU ETABLI YON PWJÈ AK LOUSENA



## ETAP 1. PREPARASYON GREN-N YO:

KOUVRI GREN-N YO AK DLO BOUYI BYEN CHO.  
KITE YO NAN DLO-A ANT 24 È A 3 JOU. APWE YON NWIT,  
GREN-N YO AP KÒMANSE ANFLE, E LÈ SA-A NA KOUVRI YO NÈT AK DLO FRÈT.



## ETAP 2. PREPARASYON TÈ KOTE NAP PLANTE GREN-N YO:

LE NOU PARE POU NOU PLANTE, SE POU NOU PIKE TÈ-A  
NAN YON FWOFOONDÈ DE YON PIE; E PANDAN NAP VIRE TÈ-A,  
NOU KA METE MATIÈ OGANIK TANKOU FÈY SÈK LADAN-N.



## ETAP 3. SIMEN GREN-N:

SIMEN GREN-N YO YON DISTANS DE 2 A 3 SANTIMÈT EPI  
SITOU METE YO APEN-N ENBA TÈ POU YO KA LEVE BYEN VIT.

## ETAP 4. KI BÒ POU NOU CHWAZI POU NOU SIMEN GREN-N YO:

JEN-N PLANT YO BEZWEN POU NOU PWAN SWEN YO CHAK JOU  
E YO BEZWEN ANPIL DLO. SE POU SA KE KOTE NAP CHWAZI POU  
SIMEN GREN-N YO FÒK LI PA LWEN KAY NOU OU LWEN DLO.



## ETAP 5. PWOTEKSYON JEN-N PLANT YO:

FÒK NOU MONTE YON KLOTI OTOU JEN-N PLANT YO  
POU NOU PWOTEJE YO KONT BÈT TAN KOU POUL OU  
BYEN KABRIT. EPI, POU SOLEY PA BOULE YO FÒK  
NOU PWOTEJE YO AVEK YON TI TONÈL KI FÈT AK FEY  
KOKOYE OU BYEN FÈY PALMIST.